



LOCATÈ YO!



YON NOUVO LOD KAPAB PREVNI YO METE OU DEYÒ

- *LI PA OTOMATIK!*

- *OU DWE PASE AN AKSYON!*

Nan 4 Septanm, 2020, CDC ki se Sant pou Kontròl Maladi (ki fè pati de gouvènman federal la) pase yon gwo lòd istorik. Lòd sa aplike sèlman a locatè ki nan sètifika sikonstans.

Lòd CDC a di ke pwopriyetè yo pa ka pran aksyon pou mete yon locatè deyò avan 31 Desanm, 2020, min sèlman si locate a bay pwopriyetè a yon Sètifika sèman. Sètifika sèman sa dwe genyen ladan li ekzak enfòmasyon. Fè fo deklarasyon nan sètifika sa kapab konsidere kòm fo temwanyaj. Li Trè enpòtan pou wè yon Avoka pou edew fè sètifika sa. (Biro Legal Sèvis kapab edew avèk sa! Rele nou!) Depi ou siyen sètifika a, ou dwe fe sèten ke pwopriyetè a jwenn li.

Depi sètifika a rive nan min pwopriyetè a, pa gen okinn lòt aksyon ki ka pran pou mete ou deyò. Malgre tout sa, pwopriyetè avèk locatè a toujou kapab pale de kijan yo kapab aranje sitiyaasyon pèyman ki pa ka rive fèt yo. Lè ou fè sa li ankourajan.

Malgre lòd federal la prevni tout aksyon kont mete lokatè deyò, Lokatè yo toujou dwe peye lwaye a e swiv tout lwa ak lòt sa ki ekri nan kontra lwaye kote yo rete a. Pwopriyetè yo ka toujou chaje lokatè yo penalite si yo peye an reta. Pwopriyetè kay la ka toujou mete yon lokatè deyò pou lòt rezon depi se pa pou pèyman lwaye a.

❖❖❖ **Rele 239-775-4555 pou asistans** ❖❖❖

Aktyèlman nou asiste kliyan pa telefòn sèlman. Nou pa bay randevou an pèsòn.

SE POU OU PRAN AKSYON POU EVITE EVIKSYON!!!

PA FÈ ANYEN SE PA REPONS LAN SA.